Xam say Aq -

Doxaliinu até mbirum imigrasioŋ

Mën nga soxla jokkoo ak ab atekat ci ab tirbinaalu imigarasioŋ. Dosiyee tirbinaalu imigarasioŋ bii dina wone ndax di nañ la nangul nga dëkk Etats-Unis am déet.

Nan laay def ngir am ab dosiyee tirbinaalu imigarasioŋ?

Ngir xam ndax am nga ab dosiyee imigarasioŋ, wala ngir xam sa bisy ojans bi ci topp, mën nga seet sa dosiyee ci sistem otomatik bu tirbinaal bi. Am na 2i anam ngir def luni mel. Ci ñaari anam yépp, di nga soxla sa numero d'enregistrement d'étranger, wala ab "A number."

Lii nimero bu am 9 sifar la, li ci ëpp 0 lay tambalee wala 2. Mën nga ko gis ci sa dosiye imigarasioŋ.

Anam bi njëkk ngir xam ndax am nga ab bis bi nga wara dem ci tirbinaalu imigarasioŋ bi mooy nga woote ci 800-898-7180 te topp tektal yi, ci Angale wala ci Español.

Ñaareelu anam bi mooy nga seet ci net bi ci acis.eoir.justice.gov Dugalal sa "A number" ci boyet yi:



Lu tax ma ab dosiyee tirbinaalu imigarasioŋ?

Lii liko waral mooy nguuru federaal bi gëmul ni da nga am statut imigarasioŋ bu teggu ci yoon ci réew mii te da nga wara dellu ci sa réew.

Porokirëru nguuru federaal bi ci tirbinaalu imigarasioŋ dafa wara leeral lii ci ab wayndare Yegley Teew, bi nga xamantane da nga ci wara am ab sotti.

Xaaju Yëgley Teew bi feete kaw nii la mel:


U.S. Department of Homeland Security

Notice to Appear

In removal proceedings under section 240 of the Immigration and Nationality Act:

Subject ID : FIN #: File No:

DOB: Event No:

In the Matter of:

Respondent: _____ currently residing at:

(Number, street, city and ZIP code) (Area code and phone number)

☐ 1. You are an arriving alien.
☑ 2. You are an alien present in the United States who has not been admitted or paroled.
☐ 3. You have been admitted to the United States, but are removable for the reasons stated below.

The Department of Homeland Security alleges that you:
1. You are not a citizen or national of the United States;
2. You are a native of MEXICO and a citizen of MEXICO;
3. You arrived in the United States at or near SAN YSIDRO, CALIFORNIA, on or about August 1, ;
4. You were not then admitted or paroled after inspection by an Immigration Officer.

THE LEGAL AID SOCIETY

Kan moy jël dogal ci sa dosiyee?

Atekatu imigarasioŋ bi mooy nit kuy nara jël dogal ci sa dosiyee tirbinaalu imigarasioŋ. Atekatu imigarasioŋ bi dafay liggéey itam ak nguuru federaal bi, waay liggéeyam mooy degglu la te dogal ndax yoonu réew mii mey nala nga wey di dëkk fii am déet.

Lan laa wara def ngir sama ojasanu tirbinaal?

Ci sa ojans bu njëkk, mën nga ñaan ñu mey la ab diir, mu doon ngir wut ab awokaa wala ngir sabab bumu mëna doon, atekat bi mën na laaj itam ndax nangu am déet daan yuñ la teg.

Ci njeexital bi, di nañu amal até bi ci boppam ci sa dosiye. Si jamono jooju ngay joxe sa kaddu ci sabab yi waral ñu war la nangul nga wey di dëkk ci Etats-Unis.

Ndax mën naa wax waa tirbinaal bi ni dama bëggoona dëkk Etats-Unis?

Waaw, di nañ la mey nga leeral bépp sababu yoon bu lay mëna nangul nga wey di dëkk ci Etats-Unis. Sudee amuloo ku lay defendre, wala mënulo am statut wu imigarasioŋ, wala sudee atekat bi dafa weddi say wax, kon atekat bi dina joxe ab dogal buy wax ni dañ la wara “daq” wala ñu deporté la. Sudee da nga ragala dellu ci sa réew, mën nga bindu ngir ñaan asil. So bëggee bindu ngir ñaan asil, bul fàtte ni da nga wara deposé sa bindu ngir ñaan asil ci biir 1 at bi nga aksee ci Etats-Unis. Da nga wara déposé ci biir 1 at bi donte amaguloo ab awokaa. So nekkee ci tirbinaalu imigarasioŋ, fexel ba wax atekat bi ni da nga ragala dellu ci sa réewum cosaan donte sa bindu noppeegul.

Nan ngay waxtaane ak atekatu imigarasioŋ bi sudee deggoo Angale?

Tirbinaalu imigarasioŋ bi amna ay firikat yu jàppandi ngir ñi deggul Angale, kon mën nga nand li ñu wax ci tirbinaal bi te mën nga jokkoo ak ñeneen ñu nekk foofu. Mën nga am sañ-sañu laaj ab firikat bu degg sa lakk.

Luy xew suma teewul ci sama bisu ate?

Lu am solo la nga teew ci tirbinaal ci benn ojans, donte amuloo ab awokaa. Da nga wara teew ci say bisu ate saa su nekk, donte amuloo awokaa. So teewul, ab atekat mën na joxe ab dogalu buy wax ni dañ lay deporté.

Suma ñakkee sa procès, ndax dañ may deporté ci saasi?

So ñakkee sa procès ci tirbinaalu imigarasioŋ bi, di nañ la mey nga def appel. Nangul nañ la nga nekk Etats-Unis fii ak appel di xarandi. Da nga wara am ab sabab bu jaadu ngir def appel.
So ñakkee ci tirbinaalu imigarasioŋ bi te defoo appel, wala so defee appel ba noppi nga ñakk ko, kon mën nañ la deporté ci réew mi.

Kiliftéefu coppitey adarees ak Tirbinaalu imigarasioŋ bi

So amee ab procès wu tirbinaal ba noppi nga toxu, da nga ko wara xamal tirbinaal bi ak ICE sa adarees bu bees bi ci biir 5 fan yi ngay toxu. Da nga ko wara def say yooy toxu. Formileer yii am nañu ci biro tirbinaal bi wala ci net bi. Nimero formileer bi mooy EOIR-33.

So deposewul ab yëgle buy wone ni da nga soppi adarees, tirbinaal bi dina yonnee say yëgley ci sa adarees bu yagg ci li aju ci bisu até yuy ñëw. Te so teewul ci sa bisu até, atekat bi mën naa joxe ab dogalu tirbinaal ci sa ñakka teewaay buy wax ni dañ la wara deporté.

Ndax damay soxla ab awokaa?

Wut ab awokaa dina tax mu gëna yomb ngir leeral mbir yi atekatu imigarasioŋ bi ak ngir wax bépp defense bi nga mëna am. Waaye, tirbinaal bi dula jox ab awokaa ci lodul fay kon da nga ko wara wutal sa bopp.

Jangleen ngir am yeneeni xibaar

legalaidnyc.org/newarrivals

THE LEGAL AID SOCIETY